



Fèy Enfòmasyon Ete 2020 sou COVID-19

Pou aprann plis konsènan COVID-19, tanpri vizite [Boston.gov/COVID19](https://www.boston.gov/COVID19).

Patisipan yo dwe anrejistre pou patisipe nan pwogram oswa klas BCYF la atravè sistèm anrejistremen an nan [Boston.gov/BCYF-Summer](https://www.boston.gov/BCYF-Summer). Nou p ap aksepte depozisyon pandan ete sa a.

Patisipan yo nan klas ak pwogram BCYF yo dwe swiv gid responsab sante piblik yo ak politik espesifik BCYF yo ki anrapò ak COVID-19 ki genyen ladan pou mete yon pwoteksyon pou vizaj (ki kouvri nen ak bouch), mentni 6 pye distans de lòt moun, epi lave men w souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.

Patisipan yo dwe genyen pwòp [pwoteksyon](#) pou vizaj yo (nenpòt papye oswa twal ki byen fikse tankou yon mouchwa oswa yon echap ki kouvri bouch ak nen) epi mentni distans 6 pye de lòt moun.

Patisipan yo dwe rete lakay yo si yo malad. Si timoun nan gen nenpòt nan sentòm COVID-19 yo (lafyèw oswa frison, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, fatig, doule nan kò oswa doule miskilè, maltèt, pèt gou oswa odè, doule nan gòj, nen k ap koule oswa nen ki bouche, tèt vire oswa vomisman, dyare), yo pral mete yo nan yon sal ki separe epi yo pral rele paran/gadyen an epi yo pral espere ou pase pran timoun ou an osito posib. Si timoun nan gen lafyèw, tous, difikilte pou respire, oswa lòt sentòm COVID-19 yo, paran an dwe chèche swen medikal touswit.

Patisipan yo dwe pote pwòp boutèy dlo ak dlo yo. Akoz regleman sou sante piblik yo, BCYF la pa anmezi pou bay aksè ak dlo.

Patisipan yo dwe pote pwòp ekipman espò yo oswa lòt materyèl (kote sa aplikab, gade deskripsyon pwogram nan oswa deskripsyon klas la pou plis detay.)

Tout patisipan ki rive byen bonè pral resevwa enstriksyon pou tann deyò oswa nan veyikil yo te rive ladan l lan jiska 10 minit anvan pwogram nan kòmanse.

Patisipan yo pa ka pote okenn bagay pèsonel apade yon ti valiz oswa valiz do.

Tout patisipan yo dwe kite sant lan touswit aprè aktivite ki te pwogram a.

Yon swanyan ki otorize dwe depoze epi pase pran timoun ki gen mwens pase 10 zan aprè aktivite ki te pwograme a. Si yon swanyan ki otorize pa tann timoun nan, yo pral kontakte

paran yo. Si yo pa ka jwenn paran yo, yo pral kontakte kontak ijans yo. Si aprè 10 minit nou pa anmezi pou jwenn yon paran/gadyen oswa yon kontak ijans, nou pral kontakte BPD ak/oswa DCF. Si yo pa rive pase pran timoun yo nan yon fason ki apwopriye pandan plizyè fwa, sa pral fè yo ranvwaye l de pwogram nan.

Gid Espesifik pou Pisin Eksteryè

Akoz limit kapasite pou amelyore sekirite vizitè yo, vizitè yo dwe anrejistre pou yon moman natasyon nan [Boston.gov/BCYF-Summer](https://www.boston.gov/BCYF-Summer). Yo p ap otorize patisipasyon san otorizasyon. Yo pral mete anrejistreman yo andirèk 24 èdtan anvan jou ki swiv sesyon yo epi yo pral rete louvri jiskaske pa genyen plas ankò oswa jiskaske sesyon an amwatye fini, selon sa ki fèt anvan an.

Sesyon yo pral limite ak tan epi yo pral mande vizitè yo pou enskri epi asiste yon sesyon pa jou. Si vizitè yo anrejistre pou plis pase yon sesyon pa jou, nou genyen dwa pou anile anrejistreman yo si genyen yon lis datant moun k ap tann ak enpasyans.

Yo mande vizitè yo pou yo pa rive plis pase 10 minit anvan kòmansman sesyon yo a epi yo pral mande yo pou mentni 6 pye distans de lòt moun pandan y ap tann deyò etablisman an pou sesyon an kòmanse.

Machaswiv sou kapasite yo limite jiska 75 pa sesyon.

Y ap akòde rezidan Boston yo preferans.

Vizitè yo dwe vini tou abiye pou yo benyen paske vèsyè/zòn pou fè chanjman yo pral fèmen.

Yo ka aksede ak twalèt (si yo egzije aksè) yo pa mwayen yon vèsyè, men vizitè yo pa ka itilize vèsyè oswa zòn pou fè chanjman yo.

Yo dwe mete pwoteksyon pou vizaj (ki kouvri nen ak bouch) tout tan lè yo pa nan dlo a.

Yo p ap ofri lesou natasyon, ki t ap egzije kontak fizik sere.

Yo egzije distans omwen 6 pye pou tout moun andeyò gwoup fwaye yo epi sa aplike ak zòn pon yo, saldeben yo, zòn patojwa yo, dlo, ak pon pisin nan.

Lè y ap anrejistre pou yon sesyon, yo pral poze vizitè yo kesyon preseleksyon sou COVID-19. Yo pral poze kesyon preseleksyon yo ankò lè y ap anrejistre pou pisin nan pou sesyon ki anrejistre a.

Se adilt ki otorize timoun ki genyen mwens pase 12 zan yo. Timoun ki genyen mwens pase 8 tan bezwen yon adilt nan dlo a ak yo.